# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–27 नवम्बर 2025** **भोजपुरी समाचार**

राष्ट्रपति द्रोपदी मुर्मु बिहने प्रदेस के दौरा पर अइहें। उहां के दिन में लखनऊ में ब्रह्माकुमारी वैश्विक एकता अउर विश्वास बदे ध्यान समारोह में सामिल होइबि। राष्ट्रपति बिहने संझा लखनऊ में चलि रहल भारत स्काउट्स आ गाइड्स के हीरक जयंती समारोह अउर ओन्इसवां राष्ट्रीय जंबूरी के समापन समारोहो के सम्बोधित करिहें। राष्ट्रपति के आगमन के देखत लखनऊ में पुरहर तइयारी कइल गइल बा।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गाजियाबाद में भगवान पार्श्वनाथ के मुरती क स्थापना आ मंदिर के उद्घाटन कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। येह मौका पर श्री योगी अपने सम्बोधन में कहलें कि प्रदेस क सौभाग्य बा कि पहिला जैन तीर्थंकर भगवान ऋषभदेव आ चारि गो पवित्र जैन तीर्थंकर अजोध्या धाम के धरती पर जनमलें। कार्यक्रम के बाद एगो सोसल मीडिया पोस्ट में मुख्यमंत्री कहलें कि चउबीस जैन तीर्थंकर लोगि समाज के करुणा, मैत्री, अहिंसा आ 'जियो और जीने दो' क पवित्र सनेसा दिहलें। श्री योगी कहलें कि जैन तीर्थंकरन क ई सिक्षा परम्परा अजुओ पूर्णतः प्रासंगिक बा।

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आ केंद्रीय नागरिक उड्डयन मंत्री किंजरापु राममोहन नायडू नोएडा के जेवर में अंतरराष्ट्रीय एयरपोर्ट क सुरूआति के तइयारियन क जायजो लिहलें आ अधिकारियन के जरूरी निरदेस दिहलें।

**********

गोरखपुर पीलीभीत एक्सप्रेस ट्रेन क बिस्तार बरेली के इज्जतनगर रेलवे स्टेसन ले कइ दीहल गइल हौ। रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव आ केंद्रीय राज्य मंत्री जितिन प्रसाद येह ट्रेन के बिस्तार क आजु वर्चुअल जरिया से उद्घाटन कइलें। येह मौका पर रेल मंत्री कहलें कि येह समय क सरकार में रेल सेवा क लगतारे बिस्तार कइल जा रहल बा। उहां के प्रदेस में डबल इंजन सरकार के बढ़ियां कामकाज के बारे में चरचो कइलीं। येह दौरान पीलीभीत के पूरनपुर रेलवे स्टेसन पर रेलवे क सीनियर अधिकारी लोगिन के साथे जनप्रतिनिधि आ ढेरि संख्या में ओइजा क जनतो मौजूद रहलि।

**********

भारतीय विशिष्ट पहचान प्राधिकरण–यूआईडीएआई आधार आंकड़न में सुद्धता बनावे रक्खे बदे देस भर में दुइ करोड़ से बेसी मृतक लोगिन क आधार नम्बर हटा दिहले हौ। एगो रिपोर्ट–

***इलेक्ट्रॉनिक्स और सूचना प्रौद्योगिकी मंत्रालय ने कहा कि किसी व्यक्ति की मौत हो जाने पर यह आवश्यक है कि उसका आधार नंबर हटा दिया जाए ताकि पहचान में धोखाधड़ी या उस व्यक्ति को मिलने वाले फायदे पाने के लिए ऐसे आधार नंबर के बिना अनुमति के उपयोग पर रोक लगाई जा सके। इस बीच, यूआईडीएआई ने आधार नंबर धारकों से कहा है कि वे मृत्यु पंजीकरण अधिकारी से मृत्यु प्रमाण–पत्र लेने के बाद अपने परिवार के सदस्यों की मौत की रिपोर्ट माईआधार पोर्टल पर अवश्य सूचित करें। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

केन्द्र सरकार ओह वीडियो के खारिज कइले हौ, जेहमें ई दावा कइल गइल बा कि सेना अध्यक्ष जनरल उपेन्द्र द्विवेदी, चीन क पाकिस्तान के समरथन दिहले से रोके बदे अरुणाचल प्रदेस चीन के दिहले क सुझाव दिहले हवे। येह वीडियो में ईहो कहल गइल हौ कि भारत–पाकिस्तान संघर्स के समय सेना अध्यक्ष चीन क तकनीक से राफाल विमानन के नस्ट कइले क दावा के स्वीकार कइले हवे। पत्र सूचना कार्यालय क तथ्य जांच इकाई बतवलस कि कई गो पाकिस्तान क एआई जनरेटेड अकाउंट येह भ्रामक वीडियो क प्रसार कइ रहल हवें।

**********

गोवा में भारतीय अंतर्राष्ट्रीय फिल्म महोत्सव इफ्फी के छप्पनवां संस्करण में आजु कई गो खास गतिविधियन क आयोजन कइल गइल। येह दौरान आजु भिन्नहीं गोवा क मुख्यमंत्री प्रमोद सावंत, महान छायाकार आ फिल्म निर्माता श्री वैकुंठ के सम्मान में एगो स्मारक डाक टिकट जारी कइलें। एगो रिपोर्ट–

***इस अवसर पर श्री वैकुंठ की उन्नीस सौ सतहत्तर की डॉक्यूमेंट्री दृ 'गोवा मार्चेस ऑन' प्रदर्शित की गई। वहीं दूसरी और जिम्मा ब्लास्को द्वारा निर्देशित स्पेनिश ड्रामा फिल्म "फ्यूरी" का आज 'निर्देशक की सर्वश्रेष्ठ पहली फीचर फिल्म' श्रेणी में प्रीमियर हुआ। इस फिल्म को कई अंतरराष्ट्रीय पुरस्कार मिल चुके हैं। एक संवाददाता सम्मेलन में प्रसिद्ध अभिनेत्री राजेश्वरी सचदेव ने कहा कि ओटीटी अब नये कलाकारों के लिए स्वर्णिम अवसर है। उधर, कला अकादमी में अभी फिल्म निर्माण के रचनात्मक, आलोचनात्मक और तकनीकी आयामों पर गहन तथा व्यापक चर्चा हुई। आदर्श और सायरा के साथ निखिल कुमार, आकाशवाणी समाचार, पणजी, गोवा।***

**********

केन्द्रीय शिक्षा मंत्रालय दुइ से पनरह दिसम्बर ले काशी–तमिल संगमम के चउथा संस्करण क आयोजन करी। वाराणसी में एकरे तहत स्कूली लइकन के बिच्चे अलगि–अलगि जगहिनि पर कई गो प्रतियोगितन क आयोजन कइल जा रहल हौ। एहमें पोस्टर मेकिंग, रंगोली आ फोटोग्राफी सामिल बा।

**********